

Pwogram Èd pou Ti Biznis CDBG-CV, Dezyèm Won

REZIME PWOGRAM NAN:

Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral jere finansman pou pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominote Akoz COVID-19 (Community Development Block Grant COVID-19, CDBG-CV) pou 23 minisipalite pou ede ti biznis.

Lajan CDBG-CV espesyal sa yo te valab nan Lwa Egalite Chans 2020 an e ap bay li ak Depatman Lojman ak Devlopman kominote (Department of Housing and Community Development, DHCD) pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD).

Finansman sibvansyon pou Èd Ti Biznis CDBG-CV a pral sipòte ti biznis kalifye yo ki pran move chòk nan COVID-19 la, nan bay priyorite ak minè ki te gen biznis yo (Minè, Fanm, Granmoun, Andikape, LBGTQ+).

KALANDRIYE PWOGRAM SIBVANSYON AN:

- 10/02/2020 a 9:00 AM – Aplikasyon louvri.
- 10/23/2020 at 5:00 PM - Aplikasyon fèmen.

ENSTRIKSYON POU SOUMÈT APLIKASYON:

Aplikasyon ou an dwe ranpli epi bay ansanm ak dokiman siplemantè jan sa di nan " Dokiman Obligatwa a" pa mwayen elektwonik nan platfòm entènèt MGCC a (<https://massgcc.submittable.com/>). Dikiman papye oswa dokiman elektwonik ki bay nan nenpòt lòt fason, tankou lapòs oswa imèl, pap konsidere.

KI MOUN KI KALIFYE:

- Biznis lan dwe genyen yon etablisman fizik nan youn nan vil/komin sa yo: Ashland, Beverly, Burlington, Canton, Concord, Dedham, Essex, Lexington, Manchester akote lanmè a, Marlborough, Melrose, Milton, Natick, North Reading, Norwood, Randolph, Reading, Sharon, Southborough, Stoneham, Watertown, Winchester oswa Woburn.
- Biznis lan dwe se yon ti biznis (yon biznis komèsyal ki gen 5 oswa pi piti anplwaye a tan plen, 1 oswa plis nan moun ki mèt biznis lan).
- Pwopriyete biznis lan (yo) dwe kalifye anba Revni Fèb-Modere (Low-Moderate Income, LMI) kritè objektif nasyonal kliyantèl limite. Tout mèt biznis dwe fè yon revni anyèl egal oswa mwens ke 80% de Zòn Revni Mwayen (AMI) baze sou gwosè fanmi an.
- Biznis lan dwe yon antite ki rantab (biznis endividyèl, asosye, sosyete, oswa LLC yo).
- Biznis lan dwe founi pwodui oswa sèvis pou plizyè kliyan oswa konsomatè.
- Biznis lan dwe kapab mete pa ekri yon pèt revni egal ak oswa pi gwo ke èd yo mande akoz de COVID-19.
- Biznis lan dwe an sèvis aktyèlman e te la avan 1/1/2019.
- Biznis lan dwe an règ ak leta a e vil/komin.
 - Biznis lan dwe ajou sou tout enpo peye jiska 3/1/2020; e
 - Gen lisans/deklarasyon deta aktiv e valab, si li aplikab; e
 - Pa fè pati yon pwosè ki enkli Commonwealth oswa komin wap fonksyone ladann nan.
- Biznis ki pa kalifye yo:
 - Lwaye imobilye yo/biznis vann;
 - Biznis ki pou moun ki anba 18 lane;
 - Biznis ki konekte yo;
 - Magazen alkòl;
 - Zam/machann zam;
 - Demachè; oswa
 - Biznis ki gen rapò ak Cannabis.

MONTAN FINANSMAN AN:

Jiska \$10,000 pa biznis ak depans ki pwouve plis ke sa oswa egal ak montan reklame a. Sibvansyon yo kapab reklame nan yon echèl de \$5,000, \$7,500 oswa \$10,000.

ITILIZASYON FINANSMAN KI APWOUVE YO:

Finansman yo kapab itilize pou kapital travay pou kouvri depans biznis lan, tankou lwaye, pèsònèl, ak sèvis piblik yo. Finansman yo kapab itilize tou pou achte ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protection equipment, PPE).

ITILIZASYON FINANSMAN KI PA APWOUVE:

Finansman sibvansyon Èd Ti Biznis yo pap ka itilize pou achte gwo materyèl yo, achte byen imobilye, aktivite konstriksyon, agrandi biznis, oswa fè lòbi.

SOUS FINANSMAN:

Finansman pou pwogram sa pral bay nan kès CDBG-CV vil/komin ou a, ki bay pa DHCD.

PWOSESIS POU AKÒDE FINANSMAN YO:

Aprè Peryòd aplikasyon an fèmen, Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral revize tout aplikasyon yo pou detèmine kalifikasyon. Tout kandida ki kalifye pral egzamine pa vil/komin pa yo kote biznis yo ye pou rekòmandasyon final, pou konfime yo ajou pou enpo yo ak kalifikasyon yo. MGCC pral bay ak debloke sibvansyon selon kritè kalifikasyon ak detèminasyon vil/komin.

DOKIMAN OBLIGATWA:

Tanpri prepare pou bay bagay sa yo pou aplikasyon ou an:

- [Nimewo DUNS](#) (Ou ka chache Nimewo DUNS ou an pandan wap swiv lyen an. Si pou poko gen youn, ou kapab fè yon demann rapid pou yon nimewo pandan wap di egzakteman ou ap aplike pou yon sibvansyon gouvènmantral. Kontak <https://fedgov.dnb.com/webform/> oswa pa telefòn nan 866-705-5711.)
- Yon kopi konplè deklarasyon fiskal enpo federal 2019 ou a. Si deklarasyon enpo ou an nan pwolonjman, 2018 ap akseptè.
- Yon kopi konplè deklarasyon enpo biznis federal 2019 pou chak mèt biznis ak yon 20% ou pi gwo enterè pwopriyete nan biznis lan. Si deklarasyon enpo ou an nan pwolonjman, 2018 ap akseptè.
- Yon kopi pèmi pou fonksyone/Pèmi Biznis/Sètifikasyon Pwofesyonèl, si li aplikab
- Fòmilè Konplè IRS W-9
- Si biznis ou a se yon LLC, Patenarya, oswa Kòporasyon : Yon Kopi Sètifika Konfòmite nan mwen Sekretè Deta, **se pa nan men Sekretè Revni** (Ou pa bezwen yon Sètifika Konfòmite nan men Depatman Revni an.) Si ou bezwen mande yon Sètifika Konfòmite, klike la : <https://corp.sec.state.ma.us/CorpWeb/Certificates/CertificateOrderForm.aspx>.
- Si biznis ou a se yon Antrepriz Endividyèl : Yon Kopi Sètifika Biznis (DBA) ou nan men vil/minisipalite ou a
- Yon kopi kontra lwaye oswa fakti ipotèk
- Si biznis ou a te resevwa nenpòt èd finansye pou COVID-19 de leta, lokal oswa federal, tanpri founi dokimantasyon
- Dokimantasyon pou demontre ke pandemi COVID-19 la te koze yon pèt revni egal ak oswa pi gwo ke èd reklame a: Founi yon deskripsyon toukout (Limit 100 mo).
- Yon kopi fakti pou depans ou ta vle itilize lajan sibvansyon sa pou peye yo. Si li se pou yon depans ou ge pou w fè pi devan, tanpri dekri an detay kisa depans yo pral ye (nan 1-2 fraz) epi prepare w pou w soumèt prèv ou pral peye pou depans sa yo nan 45 jou oswa mwens apre ou resevwa prim sibvansyon ou a.
- Si ou te itilize pwojeksyon revni 2020 an pou detèmine LMI ou, tanpri bay verifikasyon revni sa yo:
- Salè oswa distribisyon yo peye pwopriyete a pou dènye 8 semèn ki sot pase yo
- Salè oswa lòt revni & souch chèk pou dènye 8 semèn ki sot pase yo
- Salè oswa lòt revni
- Souch chèk pou dènye 8 semèn ki sot pase yo pou chak moun nan kay la ki gen 18 lane oswa plis epi k ap travay pou yon konpayi
- Lèt verifikasyon chomaj & souch chèk benefis chomaj pou dènye 8 semèn ki sot pase yo
- oDeklarasyon benefis, lèt verifikasyon oswa deklarasyon peryodik pou: Asistans Piblik, Sipò Timoun, Asistans pou Veteran (VA), Chomaj, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman (SSI), andikap ak chak sous revni pansyon / investisman ki deklare kantite lajan an ak frekans nan benefis (Tout sa ki aplike)
- o2 mwa nan nenpòt / tout kont kouran ak kont epay pou chak moun nan kay ou ki gen 18 lane oswa plis epi k ap travay pou yon konpayi

KONFÒMITE AK FINANSMAN FEDERAL, LWA AK RÈGLEMANTASYON:
Moun ki aplike yo dwe konfòme yo ak tout lwa ki aplikab yo.

POU KESYON MOUN POZE SOUVAN AK REPONS YO: [Klike La](#)

SIPÒ TEKNIK: KONTAK POU KA SOUMÈT
Sitwèb: submittable.com/contact

LÒT KESYON: KONTAK MGCC
Imèl: grants@massgcc.com
Tanpri itilize lin objè a "CDBG-CV Pwogram Èd Ti Biznis, Dezyèm Won"